

МАМАКАЕВ Iаьрби

**Даймохк**



БIаьстенан Iаламо хаздо шу, ламанаш,

Гуьйренан салоно токхдо шу, ламанаш,

Мокхазах суй санна, шух ваьлла волчунна

Там хилла, маьлхан де го суна ва тахна.

Йийначу кондарийн вовшашца кхелина,

Сирлачу шовданийн хьесашца ерина,

Сан дагна сел езна Даймехкан аренаш,

Шул мерза хIун хир ду яхь йолчу дагна!

Ва хьоме Даймохк!

Хьан сирлачу некъашкахь

Уьншарехь дуьйна хьайн хиллачу декхаршлахь,

Дуьненан некъ гойтуш, халкъийн ирс кхолларна

Са яла дан дезарг хьехахьа ва тхуна.

Дуьххьара дуьненна дIадаккха бода-дохк

Ирсан некъ гайтина, ва нана – тхан Даймохк,

Шен нана санна, хьо

Марзонца безна верг

Зен вовр вац – теша со –

Декъала хуьлда хьо!

**Дагалецамаш**

I

Бералла-м сан хьайчух

Тера хир, я хир яц,

ХIетахьарчу сан ирсах

Хьоьгийла-м ян а яц,

Амма шен жималлех

Безам а бовр бац,

Къаналла цаезарх,

Мел дезарг хир дац...

II

ХIетахь сайн...

ХIетахь сайн

Деноша хьоьстура со,

Хьоьстуш я тергам беш

Дай-наний-м дацара.

Аьрха бер, аьрха бер

Хилла схьавогӀура со,

Боберах мисхал а

Тера а-м вацара.

III

Беттаса кхеттачу

Буъйсанцаберашлахь

Туьйранашдуьйцураас

КетӀарчутӀулгатӀехь.

Кханенгасатуьйсуш,

Седарчийнсийналлехь,

Ойлаеш, Ӏуьллурасо

БешарчучардакхтӀехь.

IV

Неврехь сайн бераллин

МурхIетахьасбоккхуш,

ГечошцаТеркангах

Вуьйлуш, сакъералуш,

Хьуьнхарчууьшалшкахь

Бедашна гIаж кхуьйсуш,

Лелара со, деха де

Дац а лой, сакъералуш.

V

Бовхачу малхо со

Ца кхоош воттура,

РегIахь я тогIешкахь

ДогIнаша тIунвора.

Ганзадерг ган гIерташ

Водий со лелара,

Мел кхерстарх, ца Iебаш,

КIадлой цIа воьрзура.

VI

Ялх-ворхI шо хьалхарчу

ТIемийнларшалоьхуш,

Эвлайисттехьсаьнгаршца

ХIоьънашакарадеш,

Баккхийчийнхьехаршка

ЛадоьгӀуш, ойлаеш,

Леларасоберашца,

Хиндолчуьнгасатуьйсуш.

VII

Нанас ца хьистина

СайндогцхьагӀелделча,

Воьдушсохиллачу

ИрзонсуртдагадогӀу.

Цигахьсоцхьанвисча,

ДагахьдергӀаьткъича,

СулутIехькхоьллинчу

Мукъаманаздагадогlу.

VIII

Со бертал бай тIехь, сайн

Когаш а ловзабеш,

Ма Iиллар-кх хIетахь, дайн

Иллеш а декадеш.

Ткъа тулгIеш, берашха

Качлой, со Iехавеш,

Ма хуьлур-кх вайн боцчу

Маттахь соь къамел деш.

IX

Моьттура цара сайна

Хьехар до, дог хууш:

«КIант, илли ала ахь

Хезначех, долчех гуш,

Ткъа оха Терк ма-дду

Хьан аз, тхайн аз лоруш,

Аренца даржор ду,

Хьо а тхайн кIант лоруш...»

Х

ГIум гIаттош мох баьлла,

Терк, терсаш, шагделча,

Цхьаллехь сайн шекваьлла

Хийла ас хаьттина:

«Черчашха даръелла,

Мохца шайн шок етташ,

Шу стенна Іаржъелла,

ХІай Теркан тулгІенаш?..»

XI

Ткъа цкъацкъа тийначу

Деношкахь мехнашца

Хуьлура Терк, йистерчун

Дог хьостуш шен гІарца.

«Хьо стенга сихделла,

Хьоме Терк? – олура ас, –

Тарлой со ван хьоьца

Дуьнене тоха бIаьрг?»

XII

Цецвуьйлуш хьоьжура со

Бердашца хьал-охьа,

Хил дехьахь шерачу

Аренгахь машене,

Сатуьйсуш хьоьгура со,

Генна и йоьддучхьа

КIордолца дIаихна,

Ца гинчохь воссаре.

XIII

И кхеттал лоцучу

Сан жимчу хьекъална

Моьттура и, ловзуш,

Хазахета дIаслела.

ЙогIура и, лар юьтуш

Мокхачу асанан,

Туьйранахь бийцинчу

Саьрмиках таръелла.

XIV

Цу хенахь тхайн юьртахь

Хиллачех цхьаццадерш,

Заманийн аьнгалех

Чекхъхьаьжча, дагадогӀу.

Стохкалера гӀан санна,

Дицделла хийла гӀуллакх,

Туьйранийн сурт санна,

Халла суна дагадогӀу.

XV

«Бераш, юрт, урамашкахь

Суьйренашца ловзарш...

Воьду со. Вай къастарх,

Хийцамаш боцуш.

Хир ду-кх вай, хан яларх,

Цхьабосса...» – моьттуш,

Къаьстира со тхайн юьртах,

ВорхI шо сайн кхочуш.

XVI

Эх1! Иштта-м ца хилла,

Хилла дац иштта!

Една хан. Бералло

Геннахь тIам бетта.

XIеттахье тIе буц яьлла,

Ширлехье кхетта,

Денойн цу тулгIеша

Beралла яьхьна...

XVII

Хено вайн Iамийна

Кегийнаш хир бу,

XIинца ирс кховдийна,

Юьртахь тхан ловзуш.

Хийла гIум кегийна,

Терк хьаьъна хир ду,

XIетахь тхо левзина

Ларш дIа а йойуш.

XVIII

Шена со тIевийлла,

Лечкъаргех ловзуш,

Бешара шалго кхор

Хадийна хир бу.

Хийла тIелахвелла,

Замано хуьйцуш,

КетIара къена чхар

Кагбелла хир бу.

XIX

Баккхаллийн могIаршца

Совдегарш хьийзинчу

Тхан юьртан майданах

Маьлхан беш хилла.

Шайн дечкан семнашца

Ворданаш цӀийзинчу

ЛапгӀанийн урамийн

Сурт хийцаделла.

XX

Ткъа хӀинца со хӀетахь

Леллачохь гӀелонца,

Бераш го наг-наггахь

Гуллой шайн тобанца,

Амма уьш-м, со санна,

Гуш долчух Iабаций,

ДагIац цу ирзошка,

Делхо шайн дог, дакъий.

XXI

Тхан дадин бераллел

Сайниг а тоьлура,

Кхераниг цу сайчул

БIозза сов тоьлуш ю,

Делара со бер хIинца

Цаьрцанна ишколехь...

Уьш дац ткъа кхетамца

Кхуьуш дерш Нохчийчохь!

XXII

Уьш ду – и ирсенаш –

Ярташкахь, гIали чохь

Леттачийн, и лоьхуш

ТIаьхьешна. Царалахь

Ловзийта, Iамийта

Ас а дIахоьцур ву

Сайн кIант, ткъа – масийтта

Сов сол и тоьлур ву!

XXIII

Ткъа со? Со къанлур вац,

Шераша хан идорх,

Сан дог а гӀеллур дац,

Мел чӀогӀа къахьегарх.

Къона ву, могуш ву,

Тоам бо ас вахарх,

Тоъал ницкъ соьгахь бу. –

Со а вац ткъа ирсечех?!

**Кавказе маршалла**

Лаамзий,

Лаамций

Со лелла некъаш,

Заманийн йохалла

Шу марша Iойла!

Даггарий,

Дегазий

Дезнехь а, текхаш,

Ваха сан, вахаран

Цхьайолчу хенахь,

(КIант велахь яхь йоцуш,

Хан йоцуш лойла).

**Кавказ,**

**Со хьан вара,**

**Хиларх мел генахь.**

**Сан лекхий**

**Я лохий**

**Хила ца деза:**

**Юккъера стаг ву со,**

**Хьан 1ин чохь кхиъна.**

**Кхиийнарг,**

**Iамийнарг**

**Со нохчий беза,**

**Кавказ, хьо яра сан**

**Да-нана хилла.**

Даймехкан,

Вайн халкъан

Ирс хилар лиъна,

Вахар дIалур ду ас,

Хьан во1 вац тилла!

Даггара кIантера

Маршалла хьоьга,

Эсала,

Исбаьхьа,

Къонаха Кавказ.

Даге

Суьйренга лестина

Сан шерийн йорта.

Дог, шек ма далалахь,

Хьалхе ду алий.

Йисинчу хьайн ханна

Г1оза а далий,

ЙогIучу суьйренан

Беркат а ларий,

Iуьйранна ца динарг

Дан кхиа гIорта,

Кхетаммий, безаммий

Хилийта шорта.

Мох болуш, хIорда тIехь

ТулгIенаш санна,

ДIаиди, дIаихи

Вахаран денош.

Хиллачийн ойланехь

ГIаларташ дебош,

Дийлинчу гIалатийн

ТIаьхьеша вегош,

Шерийн дукъ дазделча,

Малонан анна,

Къонахчун дог, буйна

Ма гIолахь тахна.

Яздан ницкъ боллушехь,

Хьан 1ин чохь кхиъна.

Ца яздеш дисна,

Дагахь дерг дIаяздан

Таро ца хилла,

Безаман алонна

Хьо юьстах тилла.

Лаамца,

Лаамза

Некъаш тӀе дийлла,

Кхолламо гамдинарг,

Ницкъ боцуш нисдан,

Хиллачу гӀелонна

Хьо кӀел ма дислахь!

Хьайн мукъам,

Хьайн ойла

Ма-ярра хьолахь,

Эхь деца, дагахь цхьаъ,

Дуьйцуш кхин хилча,

Поэт бакъ-нийсачу

Некъах дIатилча,

ЦIенаниг бехдича,

Боьханиг дилча.

Гонахе бакъонан

БIаьргашца голахь,

Стаг кхарда йиш йоцчу

Амалца гIолахь!

Заманан мукъамца

Хьо детталолахь,

Хьайн къоман къонахий

Вежарий лоруш,

Хьайн мехкан мехкарий

Хазбан дош олуш,

Хьо дахарх

Царна кхаъ хилийта,

Лоруш,

Уьш реза хинболчу

Некъаца гІолахь,

Хьайна вон аьндолчу

Дашах ларлолахь!

Хьо сецча,

Хьо лаьттах

Ийначу бай тIехь

Баьццара буц хир ю,

Зезагаш девр ду...

Хьоьх тешнарг наг-наггахь

Хьан коше вер ву:

«Iаьржа дог дацара», –

Хьуна цо эр ду.

Тахна ахь къонахчун

Стогалла гайтахь,

ТIаьхьеша лорур ду

Хьо даим шайлахь.

Цхьайолу суьйренаш

Iуьйренел тоьлу,

Атта дац хIара дуьне

Ма-дарра довза.

Дахаран сурт дилла

Г1орта хьо говза,

Хьайн дешнаш доьшучун

Дог даккха ловза.

Къоналла хастае,

Даима йоьду,

Стом боцчу ойланел

Мерза дош тоьлу.

Ойланаш – кхокхарчий

Мархашка яха,

ДIадевлларш, долуш дерш,

Хиндерш а дийца,

Халкъана шайн дахар

ДIаделларш бийца,

КIезгалла,

Осалла,

Сийсазъеш, йийца,

Хьайн хенан теш хилий,

Дуьненахь даха,

Тайна дерш,

Оьзда дерш

Иллеш т1е даха!

Цкъа ца леш висна вац

Цхьа а стаг лаьттахь.

Сохьтан сий ца лоьхуш,

Халкъана язде,

Иллица ирсехьа

Къахьегар дазде,

Заманан йохалла

Лендоцург дазде.

Хилийта безаман

Беркат хьайн хьаьттахь,

Хи гIур ду –

ТIулгаш ду

Дуьсу дерш меттахь.

Нах безаш,

Нахана ша везаш

Ваха,

Шен халкъан во1 волчун

Бу ирсан корта.

Хьо винчу мехкан хьал

Хилийта шорта,

Халкъана

Хьайн дахар

ДІадала гІорта.

ГІуллакхийн сий цкъа а

Дойур дац наха:

Поэтан вахаран

МаьІна сов даха!

**Эхь ду вай теIахь**

*ДоттагIчуьнга*

Вай вовшех къаьстина

Хийла хан яьлла,

Маса бIаьсте, маса гуьйре,

1а хийцаделла...

Хьан, санний коьртан чоьш

Сел нилхадевлла,

Дог къона латтахь а,

ЦIока къанъелла.

Зама Iай, ткъа, доттагI,

Шениг ца лелош:

Денделларг кхиадеш,

Кхиийнарг къандеш,

Къанделларг кхалхадеш,

Кхин керла денош

Ло хено дуьненна,

Хиллачех гIан деш.

Бераллехь, къоналлехь

Шен хилла уьйраш,

Воккхалле стаг таьIча,

Схьа карлаюьйлу,

Мерзачу безамо

Шегахьа уьйзурш

Ца гуш цхьа хан яьлча,

Дог карзахдуьйлу.

Цхьаболчийн цIераш йицло.

Маса ойла йойту,

Вукхара, шаьш гаре

Сатуьйсуш, вайга.

Вай вовшех къаьстинчу

Замано гойту

Вовшашка безамийн

Барамаш вайна.

Дуккха а ду мехкаш

Дуьненахь таме.

КIезганиг, гай юьзча,

Iебар ву дахарх.

Амма ша кхиийнчу

Махкала хьоме

Кхин меттиг-м карор яц,

Стаг дукха вахарх.

Букар дарц хьийзочу

Буьрсачу чиллахь,

Девллера дуьнен т1е

Миска вай – бераш.

Цу бардалIазийн ша

Башийнарш иллехь

Бийцарна, Iема вай,

Даймехкан лоьмаш.

Цара йийначу бошмашкахь

Стоьмаш а лехьош,

Вай кхиъна церачул

Аттачу новкъахь.

Вай йийначу бошмашкахь

Берийн ирс дебош,

Вахар дIадаллал

Ницкъ хуьлда-кха дегIехь.

Лелонзий я ганзий

ХIун дисна. ТIаккха,

Ирхеш а нисло-кха

Къонахчун новкъахь.

Вайн дикчу адамийн

Самукъадаккха,

Мукъам бан хьовсур вай:

Иэхь ду вай теIахь!